



Enfòmasyon sou Alokasyon Timoun Ki Ka Sèvi W

Divizyon Enplemantasyon Alokasyon Timoun

Massachusetts Depatman Revni

(DOR)

Oktòb 2023

N AP SELEBRE 5 AN

An 2018, DOR te lanse nouvo sistèm enfòmasyon li a ki te ban nou nouvo teknoloji pou pi byen sèvi kliyan nou yo, tankou distribiye prèske \$3 milya dirèkteman bay fanmi nou sèvi yo. Nou pa t konnen kokennchenn defi ki t ap vini yo pou mond lan, DOR ak kliyan li yo, oswa konbyen nou ta bezwen nouvo sistèm nou an pou ede pote chanjman revolisyonè nan fason DOR bay sèvis alokasyon timoun nou yo.

¿OU BEZWEN KONTAKTE NOU?

Telefòn: Sèvis Klitantèl nou a disponib a 8è:30 a.m. rive 4è:30 p.m. Depi lendi rive vandredi nan 800-332-2733. (Pou apèl nan zòn Boston yo: 617-660-1234).


Imèl: Voye yon imèl pou nou 24 sou 24, 7 jou sou 7 atravè lyen ki sou sitwè nou an.

INOVASYON REVOLISYONÈ

Konferans sou ka: Avèk kòmansman Covid nan mwa mas 2020, DOR te travay avèk Tribinal Omologasyon ak Fanmi pou reimajine fason yo tabli ak modifiye lòd alokasyon timoun yo. DOR ak tribinal la te prezante konferans sou ka vityèl sou Zoom e depi lè sa a, plis pase 26,000 konferans ka te pwograme e anpil nan yo te rezoud san yo pa bezwen yon odyans fòmèl nan tribinal. Pou kliyan yo, sa vle di ke nan pifò ka yo p ap bezwen pran yon jou konje ankò, jwenn gadri oswa ale nan tribinal. Ou ka patisipe nan konferans sou ka w la depi lakay ou, nan espas travay ou oswa nenpòt kote w gen aksè a yon òdinatè oswa telefòn.

Biwo Vityèl: Biwo Vityèl DOR pèmèt kliyan yo rankontre ak anplwaye DOR epi diskite sou ka yo atravè Zoom. Pandan de ane ki sot pase yo, plis pase 42,000 kliyan te itilize kontwa vityèl la, epi kantite kliyan yo ap ogmante chak semèn. Pa gen okenn nesesite pou vizite yon biwo DOR lè w ka pale ak menm espesyalis alokasyon timoun nan atravè Zoom, san w pa bezwen kite lakay ou, espas travay ou oswa kote nou ye a.

Èske w gen yon konferans vityèl oswa yon odyans k ap vini epi w bezwen yon espas prive trankil oswa yon òdinatè pou w patisipe nan konferans oswa odyans lan?



Tribinal Distrik Massachusetts ak kèk bibliyotèk lokal mete tèt ansanm epi kounye a yo ofri espas prive ak òdinatè pou w ka jwenn aksè a sèvis tribinal vityèl nan bibliyotèk lokal yo. Eskane kòd QR sa a pou w wè si yon bibliyotèk toupre w ap patisipe nan pwogram sa a. Lè sa a, tou senpleman kontakte bibliyotèk la pou rezève espas ak yon òdinatè pou jou ak lè odyans vityèl ou oswa konferans ou a.

Èske w ta renmen itilize Biwo vityèl la pou rankontre yon espesyalis byennèt timoun atravè Zoom?



Biwo vityèl la louvri lendi rive vandredi soti 8:30 a.m. rive 4:30 p.m. Jis eskane kòd QR sa a pandan èdtan sa yo.

OU BEZWEN FÈ YON PEMAN?

Peman pa teks: (**Nouvo**)	Enskri pou resevwa notifikasyon mesaj tèks lè peman sipò pitit ou a pral rive. Ou ka reponn pa yon mesaj tèks pou otorize peman kat kredi oswa debi ou. Senpleman konekte nan sit entènèt nou an epi konplete pwosesis abònman an.
Anliy:	Peye sou Entènèt lè w vizite mass.gov/cse epi klike sou “Kijan pou Peye Alokasyon Timoun”. Opsyon yo enkli Venmo, PayPal, ApplePay, GooglePay, ak Peye pa tèks.
Telefòn:	Rele nou nan 855-449-2859 24 èdtan pa jou, 7 jou sou 7. Yo aksepte Visa, Mastercard ak Discover.
Imèl:	Fè chèk la oswa monni òdè (money order) a peye bay Commonwealth Massachusetts epi poste li bay DOR/CSE, P.O. Box 55144, Boston, MA 02205.
An Pèsou:	Fè peman lajan kach ou nan plizyè milye lokal MoneyGram, tankou Walmart, CVS, ak Shaw's.

Peman Dirèk

Sonje pa fè oswa aksepte peman dirèkteman paske si w fè sa, nou p ap gen okenn dosye sou peman yo. Si yo te deja fè peman dirèk, tanpri gade enstriksyon yo sou sitwèb nou an pou jwenn yon kredi yon sèl fwa.

Ou konn yon moun ki bezwen sèvis nou yo?

Eskane kòd QR sa a pou jwenn aksè nan aplikasyon nou an sou entènèt, ki rapid, an sekirite ak pratik. Senpleman ranpli, siyen l anliy, epi soumèt li!



Ou panse ke valè alokasyon timoun ou a dwe chanje?

Si w kwè kantite lajan òdonans alokasyon timoun ou ta dwe chanje oswa si w ta dwe chanje yon lòd pou pwoteksyon swen sante, tanpri kontakte nou pou w mande yon revizyon sou ka w la. Si nou kwè yon chanjman nan lòd ou a apwopriye, nou ka depoze yon plent modifikasyon epi pwograme ka w la pou yon konferans sou ka a. Pou momanse Pwosesis la, tanpri rele nou, imèl nou, oswa kontakte nou atravè manadjè ka a.